# Múrájaatlardı kórip shıǵıw

1. "Fuqarolarning murojaatlarini ko‘rib chiqish" xizmat-reglamenti (pdf 253 KB)
2. 
3. 
4. 1. Ministrler Keńesiniń apparatında puqaralardıń awızsha, jazba túrdegi arza yamasa elektron (xat menen arza@karakalpakstan.uz elektron pochtaǵa yamasa «Múrájat etiw» sayt bóliminen), usınıs hám shaǵımlar menen islew jáne puqaralardı qabıllaw Ózbekstan Respublikasınıń «Puqaralardıń múrájatları haqqında»ǵı Nızamı hám Qaraqalpaqstan Respublikası «Puqaralardıń múrájatları haqqında»ǵı Nızamı tiykarında ámelge asırıladı.
5. 2. Puqaralardıń múrájatları menen islew ushın juwapkershilik Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, orınbasarları, ulıwma bólim, topar hám basqarma basshıları, sekretariyat baslıqlarına juklengen.
6. 3. Ministrler Keńesinde puqaralar Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, Baslıq orınbasarları, Ministrler Keńesiniń sekretariyatları, bólim, basqarma hám topar basshıları tárepinen puqaralardı qabıllaw xanasında qabıl etiledi. Qabılllaw belgilengen keste tiykarında ámelge asırıladı. Qabıllaw kestesi puqaralarǵa járiyalanadı.
7. 4. Ministrler Keńesiniń Baslıǵı hám onıń orınbasarları tárepinen p aymaqlarda bolıp ótetuǵın kóshpeli qabıllawlar arnawlı keste tiykarında izbe-iz ámelge asırıladı.
8. 5. Hár bir puqaranıń qabıllawınan soń qabıllaw boyınsha hújjetler rásmiylestireledi. Onda qabıllawda bolǵan puqaranıń familiyası, atı, ákesiniń aismi, anıq jasaytuǵın mánzili hám múrájattıń qısqasha mazmunı jazıp qoyıladı. Qabıllaw boyınsha jazılǵan betler ulıwma bólimnen dizimnen ótkeriledi. Qabıllawda kóterilgen mashqala sheshiliwi ushın tiyisli orınlawshılarǵa jiberilidei hám ol Ministrler Keńesi apparatınıń tiyisli bólim áne ulıwma bólimi baslıqları tárepinen jeke qadaǵalawǵa alınadı.

9. 6. Puqaralar qabıllawın shólkemlestiriw ushın juwapkershilik Ministrler Keńesiniń Isler basqarıwshısına hám ulıwma bólimniń baslıǵına júklenedi.

10. 7. Ulıwma bólimniń baslıǵı Ministrler Keńesine puqaralardan kelgen múrájatlardı qabıl etip aladı, mazmunına qarap Ministrler Keńesi Baslıǵı tapsırmasın joybarın tayarlaydı hám Ministrler Keńesiniń Baslıǵı jeke kórip shıǵıwı ushın usınıs etedi. Ministrler Keńesiniń Baslıǵı tárepinen múrájattı úreniw boyınsha berilgen tapsırma ulıwma bólimde dizimnen ótkeriledi hám tiyisli orınlawshılarǵa jiberiledi. Bul process ulıwma bólimniń baslıǵı tárepinen qadaǵalawǵa alınadı. Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarları yamasa Ministrler Keńesi apparatınıń ulıwma bólimi, topar hám basqarma baslıqları, sekretariyat baslıqlarınıń atına kelgen múrájatlar da ulıwma bólimniń baslıǵı tárepinen áyne usı tártipte rásmiylestiriledi hám qadaǵalawǵa alınadı.

11. 8. Puqaralardıń múrájatların úyrenip shıǵıw ushın Ministrler Keńesiniń Baslıǵı yaki usı múrájattı kórip shıǵıw ushın jiberilgen Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarları tárepinen tiyisli qánigelerden ibarat jumısshı topar dúziliwi múmkin.

12. 9. Puqaralardıń usınsları kelip túsken kúnnen baslap bir ayǵa shekemgi bolǵan múddet ishinde kórip shıǵıladı, qosımsha úreniw talap etiletuǵın usınıslar buǵan kirmeydi hám bul haqqında usınıs kirgizgen shaxsqa on kúnlik múddet ishinde málim etiledi.

13. 10. Arza hám shaǵımlar Ministrler Keńesine kelip túsken kúnnen baslap bir ayǵa shekemgi bolǵan múddet ishinde, qosımsha úreniwdi hám tekseriwlerdi talap etpeytuǵın arzalar menen shaǵımlar bolsa, on bes kúnnen keshiktirilmey kórip shıǵıladı.

14. 11. Arza hám shaǵımdı kórip shıǵıw ushın tekseriw ótkeriw, qosımsha materiallllardı talap etip alıw yaki basqa da ilajlar kóriw zárúr bolǵan jaǵdaylarda, arza hám shaǵımdı kórip shıǵıw múddeti Ministrler Keńesiniń Baslıǵı tárepinenburınǵıdan ózgeshe túrde uzaǵı menen bir ayǵa uzaytılıwı múmkin hám bul tuwralı arza yamasa shaǵım bergen shaxsqa maǵlıwmat beriledi.

15. 12. Ministrler Keńesiniń qabıllawına kelgen puqaralarǵa olardıń múrájatları boyınsha sol waqıtta túsinik beriledi, máseleniń mazmunına qarap onıń kórip shıǵılıw nátiyjeleri haqqında múrájat iyelerine jazba túrde maǵlıwmat beriliwi de múmkin.

16. 13. Puqaranıń familiyası (atı, ákesiniń atı), jasaw mánzili haqqındaǵı maǵlıwmatlar kórsetilmegen yaki bul tuwralı nadurıs maǵlıwmatlar kórsetilgende, sonday-aq, qol qoyılmaǵan múrájatlar anonim dep esaplanadı hám ol kórip shıǵılmaydı.

17. 14.Puqaralardıń múrájatlarında kóterilgen máselelerdi sheshiw Ministrler Keńesiniń wákilligine kirmeytuǵın bolsa, uzaǵı menen bes kúnlik múddet ishinde tiyisli organlarǵa jiberiledi hám bul tuwralı puqaraǵa xabar etiledi.

18. 15. Ulıwma bólimniń baslıǵı hár jumıs kúniniń juwmaǵında puqaralardıń múrájatların dizimnen ótkeriw hám olar menen alıp barılǵan jumıslardı talqılaydı, nızam buzılıw jaǵdaylarına jol qoymaw sharaların kóredi. Ay juwmaqları boyınsha Ministrler Keńesine puqalalardan kelip túsken múrájatlardı ulıwmastırıp, olardıń mazmunı boyınsha analizlengen maǵlıwmat kirgizedi.

19. Puqaralardıń múrájatları menen islesiw boyınsha juwapker shaxs:

20. Ametov Djandos Sarsenbaevich

21. Image not found or type unknown

22. Ministrler Keńesi apparatı ulıwma bóliminiń jetekshi qánigesi

23. Usı wazıypada 2018-jıldan berli islep kelmekte

24. Vazirlar Kengashi apparati umumiy bwlimining etakchi mutaxassisi Mazkur vazifada 2012 yildan buyon faoliyat kwrsatadi.

25. Mánzil: Nókis qalası, Ǵárezsizlik kóshesi, 50-jay

26. Telefon: 0 (361) 222 26 14

27. E-mail: arza@karakalpakstan.uz

28.

29.